



DEWAN KEMAKMURAH MASJID “AL-WUSTHO”

Sekretariat: DKM Al-Wustho Lt.2 Jl. Pelabuan II Gg. Warudoyong RT 005 RW 002 Kel/Kec. Warudoyong Kota Sukabumi Jawa Barat 43133 | www.masjid-alwustho.com | masjidalwusthowardoy@gmail.com

تَفْسِير رَوْضَةُ الْعِرْفَانِ فِي مَعْرِفَةِ الْقُرْآنِ

Ayat 92-93 Surah An-Naml

Jeung supaya maca kawula,	وَأَنْ أَتَلَوَا
kana Al-Quran,	الْقُرْآنَ
maka saha jalma, anu meunang pituduh,	فَمَنِ اهتَدَى
maka wungkul,	فَأَنَّمَا
meunang pituduhna eta jalma,	يَهتَدِي
pikeun dirina eta jalma,	لَنْفَسِهِ
jeung saha jalma anu sasar,	وَمَنْ ضَلَّ
maka bejakeun ku maneh,	فَقُلْ
wungkul ari kawula,	إِنَّمَا أَنَا
ti golongan jalma, anu mere peringatan. (92)	مِنَ الْمُنذِرِينَ (٩٢)
Jeung ucapkeun ku maneh,	وَقُلْ
ari sakabeh puji,	الْحَمْدُ
eta kagungan Alloh Ta’ala,	لِلَّهِ



DEWAN KEMAKMURAH MASJID “AL-WUSTHO”

Sekretariat: DKM Al-Wustho Lt.2 Jl. Pelabuan II Gg. Warudoyong RT 005 RW 002 Kel/Kec. Warudoyong Kota Sukabumi Jawa Barat 43133 | www.masjid-alwustho.com | masjidalwusthowardoy@gmail.com

bakal ningalikeun Alloh Ta’ala, ka maraneh kabeh,	سَيِّرِيْكُمْ
kana ayat-ayatna,	أَيْتَهُ
maka maraneh bakal nyaraho, kana eta ayat-ayat,	فَتَعْرِفُونَهَا
jeung henteu pisan-pisan,	وَمَا
Pangeran maneh,	رَبُّكَ
anu lali,	بَغَافِلٌ
tina sagala perkara,	عَمَّا
anu migawe maraneh kabeh. (93)	تَعْمَلُونَ (٩٣)

Ayat 92 dugika ayat 93 nerangkeun:

Kanjeng Nabi Shollallahu ‘alaihi wa sallam, diparentah, supaya macakeun Al-Quran ka umatna, kalawan tartib jeung teratur.

Saha anu ngalakonan kana pituduhna, bakal manfaat ka dirina. Saha anu sasar, bakal cilaka, sedeng tugas Rosulullah Shollallahu ‘alaihi wa sallam, ngan ukur nganepikeun risalah-Na.

Alloh Ta’ala marentah ka nabi-Na, supaya muji syukur, kana kanabian-nana. Alloh Subhanahu wa Ta’ala ngadahirkeun, tanda-tanda kakuasaan-nana, jeung siksaan-nana.